МӘДЕНИЯТ ҮЙИНДЕ КРУЖОК ЖУМЫСЛАРЫН ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ

Балтаниязов Сарсенбай Айтмуратович – *профессор*
j.baltaniyazov@mail.ru
Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты Нөкис филиалы

ОРГАНИЗАЦИЯ КРУЖКА В ДОМЕ КУЛЬТУРЫ

Балтаниязов Сарсенбай Айтмуратович – *профессор*
Государственный институт искусств и культуры Узбекистана Нукусского филиала

ORGANIZATION OF A CLUB IN THE CULTURE HOUSE

Baltaniyazov Sarsenbay Aitmuratovich – *Professor*
Nukus branch of the Uzbekistan State Institute of Arts and Culture

Таянч сўзлар: маданият уйи, тўгарак фаолияти, бадиий ҳаваскорлик, ижодий қобилият, ёшлар, маданий ҳордиқ, кўрик-танлов, ҳисобот концерти, маънавий тарбия, санъат.

Резюме. Мақолада маданият уйлари ва клуб муассасаларида бадиий ҳаваскорлик тўгараклари фаолиятини ташкил этишнинг методик ва амалий жиҳатлари ёритилган. Ёшларнинг ижодий қобилияти ва талантини ривожлантириш, уларни тўгаракларга тизимли жалб қилиш, йиллик иш режаларини тузиш ҳамда турли танлов ва концерт дастурларидаги иштирокини таъминлаш масалалари таҳлил қилинган. Шунингдек, санъат ва маданиятнинг инсон маънавий дунёсини бойитишдаги ҳамда баркамол авлодни тарбиялашдаги роли алоҳида кўрсатиб ўтилган.

Ключевые слова: дом культуры, деятельность кружков, художественная самодеятельность, творческие способности, молодежь, культурный досуг, смотр-конкурс, отчетный концерт, духовное воспитание, искусство.

Резюме. В статье рассматриваются методические и практические аспекты организации деятельности кружков художественной самодеятельности в домах культуры и клубных учреждениях. Анализируются вопросы привлечения молодежи, развития их творческих способностей и талантов, составления годовых планов работы, а также обеспечения их активного участия в различных смотрах-конкурсах и концертных программах. Подчеркивается важная роль искусства и культуры в обогащении духовного мира человека и воспитании гармонично развитой личности.

Keywords: culture house, club activities, amateur art, creative abilities, youth, cultural leisure, competition, reporting concert, spiritual education, art.

Summary. The article examines the methodical and practical aspects of organizing amateur art club activities in culture houses and club institutions. It analyzes the processes of attracting youth, developing their creative abilities and talents, drawing up annual work plans, and ensuring their active participation in various competitions and concert programs. The significant role of art and culture in enriching the spiritual world of individuals and raising a well-rounded generation is emphasized.

Көркем өнер адамлардың ишки дүньясына жол таба билиўи, оларды идеялық жақтан байытыўы лазым. Көркем өнер ҳәўескерлер жәмәәтлери қатнасыўшыларының ўазыйпасы тек көпшилик алдында тамашалар көрсетиў, оларды ҳақықат көркем өнерге араластырыў жолы менен халықты тәрбиялаўдан ғана ибарат емес. Көркем өнер ҳәўескерлериниң ағзалары, сондай-ақ күнделикли жумыста да өзиниң жоқары эстетикалық мәдениятлары менен өрнек көрсетиўлери, дөгерегиндеги адамларды гөззал, мазмунлы турмыс кешириўге үйретиўлери, дәслепки жумыста, дем алыс ўақтында ҳәм турмыста жеке өрнек болыў жолы менен үйретиўлери керек. Инсанда бир пайыз талант болса ол тоқсан тоғыз пайыз мийнет яғный таярлық жумысларын ислеў керек деген ибиратлы сөз бар. Мәденият үйлери ҳәм клублары адамлардың өз-ара байланысып, пикир алысатуғын дийдарласатуғын халық үйи деген статусқа ийе мәдений дем алатуғын орай. Ҳәр бир мәденият үйлериндеги, клубларда көркем ҳәўескерлик дөгереклери талантлы уқыплы жасларды тартып олардың жүрегине жол таба билиўи олардың көркем өнерге болған мухаббатын талантын оятып, шыңландырып әпиўайы ҳәўескерликтен үлкен сахналарға алып шығыў дәрежесине шекем жумыс ислеп оның тек көркем өнерди сүйиўши улығлаўшы емес ҳақыйқат тәлим-тәрбия көрген пазыйлетли инсан етип жетилистириў керек. Мәденият үйлери, клуб мекемелери тийкарынан алғанда өзиниң барлық тәбияты ҳәм негизи бойынша күнделикли турмыстың

жаналыкларынан хабардар қылып, ҳәр қыйлы қызығыўшылықтағы адамларды бирлестириўши қурал. Бул бағдарда мәденият үйлериндеги, клублардағы көркем ҳәўескерлик дөгереклери айрықша хызмет қылады. Қай жерде де өз жумысына итибар берген жумысларын жақсы бағдарға қаратқан жәмәәтте унамлы нәтийжелер болады. Турмыс соны көрсетеди таланты бар дәслепки берилген бағдар менен барып ертеңги күни белгили көркем өнер ғайраткерлери, халық артистлери мәденият хызметкерлери болып жәмийетимиздиң халқымыздың руўхый дүнясын байытыўда үлкен хызметлер қылып атыр. Мәденият үйлери клуб хызметкерлери өзиниң қанигелиги уқыбына қарай өзине бекитилген дөгерек жумысларын басқарады. Қәнигели дөгерек басшылары ҳәптесине тек еки дөгерек жумысларын алып барыў мүмкин. Ҳәр бир дөгерекке мектеп оқыўшылары арасындағы уқыбы таланты бар оқыўшылар дөгерекке тартылады. мәденият үйлеринде, клубларда қанигели хызметкерлердиң санына қарай көркем ҳәўескерликти раўажландырыў ушын төмендеги дөгерек жумысларын шөлкемлестириў мүмкин. Хор, эстрада ансамбль, халық сазлары ансамбли, дуўтаршылар, қосықшылар, вокал ансамбли, хореография-ойын, драма, қуўыршақ театры, аския, қызықшылар, домбырашылар, т.б. Ҳәр бир дөгерекке сол дөгерекке уқыбы бар ертеңги күни нәтийже беретуғын балалар қабыл етиледи. Ҳәр дөгерек басшысы бир жыллық ис жоба дүзип сол ис жобасы тийкарында ҳәптесине еки мәрте дөгерек қатнасыўшылары менен турақлы түрде жумыс алып барады. Ҳәр дөгерек қатнасыўшысын өткерилетуғын көрик таңлаўлар менен бирге өткерилетуғын концерт бағдарламаларына турақлы түрде қатнасытырып барыў керек.

Жаслар арасында көркем ҳәўескерликти раўажландырыўда район, республика көлеминде өткерилип атырған көрик таңлаўлар жақсы нәтийжелерин берип атыр. Олардан «Зулфия» атындағы мәмлекетлик сыйлық, «Ниҳол» сыйлығы «Янги авлод», «Келажак авози», «Үмит жулдызлары» эстрада аткарыўшыларының ҳәмде ҳар жылы өткерилетуғын «Жалғызсаң сен муқаддес Ўатан» хореография, аския-қызықшылар, театр, драма қуўыршақ театрларының, фолкьлор жәмәәтлериниң өткерилип атырған көрик таңлаўлары жаңа талантлардың жәмәәтлердиң жетисип шығыўына жақсы тәсир етип атыр. Театр кийим илдиргиштен басланады- дегендей ҳар бир талантлы көркем-өнер хызметкерлери дөгерекке қатнасыўшылардан келип шығады. Халқымызда «Талант илаҳийда қубылыс, оны қәстерлеў»керек деген гәп бар ҳәр бир талант ийеси өзиниң билимин талантын раўажландырыў ушын, билим алыўы ушын елимизде кең үлкен мүмкиншиликлер жаратылған. Ҳәр дөгерек қатнасыўшыларының ислеген үйренген жумыс нәтийжелерин көриў ушын кварталына, жылына есап бериў концертин өткерип турыў керек. Концертлерге қатнасыўшы ҳәр дөгерек ағзалары ушын атқарылған жанрлар, қосық, ойын, саз т.б. сахнаға жарасымлы либаслары болыўы тийис. Дөгерекке қатнасыўшы балалар, үлкен жастағылар ушын өз алдына ис илажлары қосық, ойын фолклор, драма т.б. темалар болыўы керек.. Балалар ушын дөгерек жумыслары сабақтан тыс ўақытлары,ал басқалар ушын өзлерине қолай бос ўақытлары өткерилиў керек. Дөгерекке қанасыўшы мектеп оқыўшылары менен биргеликте мектеплерде өткерилетуғын тил байрамлары, устазлар ҳәм муғаллимлер күни Өзбекстан, Қарақалпақстан Республикасы конститутциясы кунлери, 8-март ҳаял-қызлар байрамы, Наўрыз байрамы, жаңа жыл байрамы, соңғы қоңыраў, байрам кешелери концертлери менен «Сиз тарыйхты билесизбе», «Үмит жулдызлары» т.б. атамалардағы көрик таңлаўларды өткериў керек.. Дөгерек қатнасыўшылары менен бирликте белгили көркем өнер ғайраткерлери, жазыўшы шайырлар менен ушырасыў кешелерин шөлкемлестириў кеўилге муўапық болады. «Көркем өнерди, музыканы сүйиңиз, үйрениңиз, себеби ол сизге ақыл-ойдың бийик сезимниң пүткил бир дүнясын ашып береди» деген соның ушында ҳар бир дөгерек қатнасыўшысына көркем өнердиң сырлы әлемин оның инсанның руўхый дүньясын байытыўдағы хызметлерин түсиндирип барыў лазым.

Пайдаланған әдебиятлар

1. И.А. Каримов. “Тарийхий хотирасиз келажак йўқ” Тошкент “Шарқ” 1998

2. А.Жүзимбетов. А.Абдикамалов «Клуб хызмети ҳәм дәстүрлер»

3. А.Абдикамалов «Мәденият үйлери ҳәм клубларда жаслар менен ислесиў методикасы» қолланба.